

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Prinsip pangajaran basa nya éta ngajarkeun murid parigel maké basa. Kaparigelan basa ngawengku ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Kuantitas jeung kualitas kaparigelan basa bisa témbong di antarana tina kandaga kecapna. Kaparigelan basa murid bakal ningkat lamun kuantitas jeung kualitas kandaga kecapna ogé ningkat. Kandaga kecap bisa mawa murid asup kana pangalaman–pangalaman anu leuwih jembar. Dina pangajaran kandaga kecap di sakola tangtuna waé murid diajar ngeunaan kecap jeung hartina. Mimiti murid manggih hiji kecap tuluy néangan ma'na kecapna. Saenggeus apal ma'na na satuluyna murid bakal diajar ngalarapkeun ma'na kecapna dina kahirupanana. Cindekna, kandaga kecap bisa ngarobah kahirupan murid.

Kamekaran kandaga kecap raket patalina jeung kamekaran méntal konséptual murid. Kandaga kecap patalina jeung kamampuh méntal nuduhkeun hubungan kausalitas. Kualitas jeung kuantitas kandaga kecap nangtukeun kualitas kamampuh méntalna. Salasahiji cara pikeun nangtukeun kualitas kamampuh méntal hiji jalma ku cara ngalakukeun ujian kandaga kecap. Ujian kandaga kecap ogé bisa jadi salasahiji cara pikeun ngukur *IQ*. Kandaga kecap bisa jadi ukuran pikeun hakékat jeung kualitas kahirupan. Akal pikiran nu hadé hartina kandaga kecapna ogé hadé, jeung kandaga kecap anu hadé hartina akal pikiranna ogé hadé. Duanana silih mangaruhan, akal pikiran jeung kandaga kecap mangrupa bagian anu teu bisa dileungitkeun tina kasang tukang jeung kamampuh murid.

Patalina jeung kamekaran konséptual, kamekaran kandaga kecap téh mangrupa kamekaran konséptual. Kamekaran kandaga kecap miboga harti leuwih jembar tibatan ngan saukur nempatkeun kecap–kecap anyar kana kandaga pangalaman. Kamekaran kandaga kecap hartina nempatkeun konsép–konsép anyar kana susunan–susunan tambahan. Kamekaran kandaga kecap mangrupa tujuan pangatikan dasar pikeun unggal sakola atawa paguron. Dina prinsipna, sakabéh pangatikan mangrupa tarékah ngamekarkeun kandaga kecap anu ogé mangrupa kamekaran konséptual. Jadi, dina mekarkeun kandaga kecap murid, guru miboga pancén pikeun ngabingung murid sangkan bisa maham kana

Leli Salimatul Hapsah, 2015

KANDAGA KECAP DINA KARANGAN NARASI MURID SAKOLA DASAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sasaruaan jeung bébédaan. Sasaruaan jeung bébédaan kecap salasihijina témbong dina kecap *ubar* jeung *ngubaran*. Sok sanajan tina bakal kecap anu sarua tapi miboga warna jeung ma'na nu béda. Kecap *ubar* kaasup warna kecap nomina, sedengkeun *ngubaran* kaasup warna kecap vériba. Ma'na na ogé béda. *Ubar* ngandung harti obat atawa barang anu bisa nyageurkeun awak tina panyakit, *ngubaran* hartina ngalakukeun pagawéan nyageurkeun awak tina panyakit. Di dieu témbong salah sahiji mangpaat tina kamekaran kandaga kecap nya éta diajar ngeunaan kaidah–kaidah robahna kekecapan. Jadi tugas guru lain ngan saukur ngenalkeun kekecapan anyar atawa kekecapan anu umum dipaké tapi ogé ngajarkeun kumaha maké kandaga kecap anu bener larapanana.

Panalungtikan anu dilakukeun ku Edgar Dale ngeunaan kandaga kecap barudak, tilu parapatna geus miboga kurang leuwih 1500 kecap dina bulan Januari jeung Pébruari dina taun awal asup sakola. Kecap–kecap anu dicangkem mangrupa kecap anu bisa dirasa, kandaga kecap sapopoé, pernah karandapan jeung mangrupa hal anu moal bisa dipohokeun (Tarigan. 2011, hal. 4).

Ku kituna lamun dina taun awal murid geus miboga 1500 kecap, asumsina yén dina taun–taun satuluyna kandaga kecapna kudu nambahan. Boh kuantitas boh kualitasna. Kiwari pangajarankandaga kecap basa Sunda hususna di sakola dasar gumulung dina pangajaran opat kaparigelan basa. Dumasar kana data émpiris pangajaran di sakola dasar, loba masalah dina pangajaran basa Sunda patalina jeung kandaga kecap. Sawaréh murid di kelas teu wanoh kana sababaraha kekecapan anu aya dina téks anu jadi bahan pangajaran. Akibatna murid ngarasa hésé dina ngajawab pertanyaan–pertanyaan dina pancén sakolana. Lian ti éta, nalika maca téks, murid teu lancar macana ogé teu paham kana maksud tina téks nu dibaca. Sabenerna kamampuh kandaga kecap raket patalina jeung kaparigelan maca. Salasihiji hal anu ngabalukarkeun maca téh hésé nya éta kandaga kecap anu kawatesanan. Pangajaran maca di sakola dasar raket patalina jeung pangajaran kandaga kecap. Luyu jeung prinsip pangajaran maca di sakola dasar yén dina kagiatan pangajaran maca guru kudu ngajarkeun kekecapan anu bakal méré pamahaman keur murid pikeun maham kana lafal jeung ma'na kekecapan anu dianggap hésé.

Panalungtikan ngeunaan kandaga kecap anu kungsi dilaksanakeun di sakola dasar nya éta di kelas dua mangrupa panalungtikan kandaga kecap basa Indonésia. Hasilna nuduhkeun yén tina 30 téks tinulis aya 339 kalimah, 2132 kecap, 376 nomina, 235 verba, 160 kecap pancén, 119 ajektiva, 98 adverbial, jeung 26 numeralia. Panalungtikan ngeunaan kandaga kecap dinabasa Sunda di sakola dasar jarang dilakukeun. Ku kituna ngarasa perlu ngayakeun panalungtikan ngeunaan kandaga kecap murid dina tingkat kelas anu leuwih luhur. Panalungtikan ngeunaan kandaga kecap bakal dilaksanakeun ku jalan nganalisis karangan narasi anu ditulis ku murid sakola dasar. Dina karangan narasi murid bakal nuliskeun sagala pangalaman jeung pangaweruhna ngeunaan hiji hal. Tina karangan narasi sakabéh pangalaman jeung pangaweruh anu ditulis bisa némbongkeun kuantitas jeung kualitas kandaga kecapna. Lian ti éta karangan narasi mangrupa data tinulis anu babari didokumentasikeun pikeun bahan analisis.

Dumasar kana anu geus dipedar di luhur yén kamampuh kandaga kecap raket patalina jeung kaparigelan maca. Karangan narasi anu ditulis ku murid sakola dasar bisa jadi salasihiji alternatif bahan pangajaran maca di sakola dasar. Karangan narasi anu ditulis bakal dipilih anu cocog jeung kritéria bahan pangajaran maca. Dipiharep tina karangan narasi anu ditulis ku murid bisa ningkatkeun kuantitas jeung kualitas kandaga kecap murid sakola dasar. Lian ti éta dipiharep jadi pangalaman jeung pangaweruh anyar pikeun murid dina diajar maca pamahaman. Satuluyna, ieu panalungtikan disusun kalawan judul “Kandaga Kecap dina Karangan Narasi Murid Sakola Dasar pikeun Bahan Pangajaran Maca (Tilikan Léksikologi jeung Psikolinguistik di SDN Galunggung Kecamatan Tawang Kota Tasikmalaya)”.

1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Rumusan masalah anu jadi poko panalungtikan disusun dina wangun pertanyaan saperti ieu di handap.

- a. Kumaha wanda kandaga kecap dina karangan narasi murid sakola dasar?
- b. Naha kecap dina karangan narasi murid sakola dasar luyu jeung kamekaran umur murid sakola dasar?

- c. Dumasar kana kandaga kecapna, karangan narasi nu mana waé anu bisa dipaké pikeun bahan pangajaran maca?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngeuyeuban jeung mekarkeun pangaweruh dina widang pangajaran basa Sunda di sakola dasar. Lian ti éta, sabada diayakeun ieu panalungtikan bisa dijadikeun salasihiji sumber rujukan atawa bacaan pikeun masarakat Sunda umumna jeung palaku pangatikan dina khususna.

Dumasar hal éta, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun tilu hal nya éta,

- a. wanda kandaga kecap nu aya dina karangan narasi murid sakola dasar.
- b. kekecapan dina karangan narasi murid sakola dasar patalina jeung kamekaran umur murid.
- c. karangan narasi anu bisa dipaké pikeun bahan pangajaran maca.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep bisa méré mangpaat kalawan tioritis nya éta bisa jadi informasi pikeun panalungtik ngeunaan kamampuh kandaga kecap dina karangan narasi murid sakola dasar. Lian ti éta bisa dijadikeun bahan pikeun mekarkeun bahan pangajaran maca di sakola dasar. Ogé dipiharep bisa ngeuyeuban tiori ngeunaan pangajaran kandaga kecap di sakola dasar.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat sakumaha ieu di handap.

- a. Nambahan jeung ningkatkeun pangaweruh jeung pangalaman ngeunaan wanda kandaga kecap anu bisa dicangkem ku murid sakola dasar salaku palaku basa dina tingkat awal.

- b. Nambahan jeung ningkatkeun pangaweruh dina nyiptakeun modél pangajaran kandaga kecap anu éféktif jeung éfisién.
- c. Nambahan jeung ningkatkeun pangaweruh ngeunaan téks narasi anu cocog pikeun bahan pangajaran maca di sakola dasar.
- d. Ngeuyeuban hasil panalungtikan dina widang pangajaran basa Sunda di sakola dasar.
- e. Ieu panalungtikan bisa dijadikeun sumber bacaan umum, ogé bisa jadi nambahan pangaweruh jeung motivasi pikeun ngayakeun panalungtikan sarupa anu leuwih lega tur leuwih jero.

1.5 Struktur Organisasi Panalungtikan

Ieu panalungtikan kawangun ku lima bab. Di handap pedaran eusi unggal babna.

Dina bab I eusina nya éta kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung struktur organisasi tésis.

Satuluyna dina bab II eusina ngeunaan konsép-konsép, tiori - tiori, jeung data – data panalungtikan anu geus aya anu medal dina jurnal boh lokal boh internasional. Konsép, tiori, jeung panalungtikan anu geus aya anu bakal dipedar dina ieu tésis nya éta tiori ngeunaan kandaga kecap, tiori ngeunaan téks narasi, psikolinguistik perkembangan, jeung konsép pangajaran maca.

Dina bab III bakal dipedar ngeunaan métodeu panalungtikan. Leuwih rinci eusi tina bab III nya éta ngeunaan lokasi jeung sample panalungtikan, desain panalungtikan, métodeu panalungtikan, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun jeung nganalisis data.

Panalungtik medar hasil panalungtikan dina bab IV. Dina bab IV panalungtik ngadéskripsikeun ngeunaan prosés ngolah data panalungtikan pikeun ngahasilkeun data anu bisa ngajawab rumusan masalah panalungtikan. Satuluyna, panalungtik medar analisis data panalungtikan. Sabadana ngolah data jeung nganalisis data panalungtikan, panalungtik bakal nyieun kacindekan anu dipidangkeun dina bab V. Dina ieu bab, panalungtik midangkeun hasil tafsiran jeung ngamaknaan tina hasil analisis panalungtikan.